



Deklarasyon pou Laprès  
POU PIBLIYE IMEDYATMAN 6/27/2025

## **Koalisyon MIRA Reponn sou desizyon administrasyon Trump lan ki fèk mete fen ak estati Pwoteksyon Tanporè (TPS) Ayiti a**

Nan repons ak desizyon administrasyon Trump lan ki fèk mete fen ak estati Pwoteksyon Tanporè (TPS) Ayiti a, Elizabeth Sweet, Direktè Egzekitif Koalisyon Defann Imigran ak Refijye nan Massachusetts (MIRA) a, bay deklarasyon sa a:

"Mete feni ak Estati Pwoteksyon Tanporè a pou mwatye milyon Ayisyen yo ki te kite vyolans ak pèsekisyon terib nan peyi lakay yo an se yon bagay ki danjere e ki pa gen vizyon. Nan tout peyi a – men espesyalman isit la nan Massachusetts – imigran Ayisyen yo te montre yo se manm ki gen anpil valè nan kominote a. Ak pwosè legal ki ap vin rapidman, nou mande tribinal yo pou yo kraze aksyon danjere sa a, epi pou yo sipòte dè san mil imigran Ayisyen yo ki te ranfòse Amerik lan."

###

*Koalisyon Defann Imigran ak Refijye nan Massachusetts (MIRA) a se pi gwo òganizasyon san pwofi nan New England lan ki dedye pou pwomote dwa ak enklizyon imigran ak refijye yo.*